

.....

CHAPIT 15

Nan premye semèn yo apre akouchman an

Nan chapit sa a:

Sa ki dwe fèt pou manman an.....269

Ede manman an pran swen tèt li.....269	Gade wè si gen lòt move siy. 273
Gade matris manman an - wè si gen anpil senyen270	The mother's legs are red, hard, or swollen 273
Gade wè si manman an gen enfeksyon nan matris.....271	Leaking urine or stool. 273
Gade wè si manman an fè enfeksyon nan vajen.....272	Give emotional support 274

Sa ki dwe fèt pou tibebe a274

Encourage the baby to breastfeed and watch how she grows 274	Tetanus. 278
Baby has signs of dehydration 275	Pneumonia 278
Baby does not gain weight or grow normally 276	Meningitis 279
Care for the cord 277	Watch the color of the baby's skin and eyes. 279
Look for signs of infection 277	

Nan premye semèn yo apre akouchman an

CHAPIT
15

Nan kèk jou ak nan kèk semèn apre akouchman an, kò manman an ap kòmanse geri. Matris li dwe vin pi piti epi li dwe sispann senyen. Lèt li dwe vini. Tibebe a dwe ka pran tete nòmalmman epi li dwe kòmanse ap gwosi.

Manman an ak tout pitit la toujou bezwen pou yo kontinye jwenn swen apre akouchman an. Vizite yo omwen pandan de (2) fwa – premye jou apre akouchman an epi omwen yon fwa nan semèn apre a. Si w gen chans pou ta menm ale wè yo pi souvan, ou ka ede evite plis pwoblèm. Ale vizite yo pi souvan si w ta remake manman an oswa tibebe a ap bay move siy



Sa ki dwe fèt pou manman an

Apre akouchman, manman yo bezwen swen menm jan ak tibebe yo.

Ede manman an pran swen tèt li

Apre akouchman an, kò manman an fatige epi matris li louvri. Li fasil pou l pran enfeksyon, men li ka rete an bòn sante si l:

- pran bon jan repo
- manje divès kalite manje ki gen bon jan nitrisyon (wè paj 33 rive 42)
- bwè bon jan kantite likid
- rete pwòp – lave men l, vajen l, ak tete l.

Gen koutim kote fanm nan rete nan kabann ak tibebe a pou dezoutwa semèn apre akouchman. Sa se yon bon koutim paske li pèmèt manman an geri, sa ede li menm ak tibebe a vin abitye youn ak lòt, epi sa pèmèt manman an rete lwen ak mikwòb ki deyò kay la.

Si sa posib, manman an pa dwe fè travay ki di pou sis (6) semèn.

Fè manman an ak tout mari l konnen ke yo dwe tann manman an sispann bay san anvan yo rekòmanse fè lanmou. Alò asire w ke w pale manman an ak mari l sou zafè planin. Fanm nan ka tombe ansent touswit ankò.

Gade matris manman an – wè si gen senyen

BON SIY

Aprè akouchman, manman an ta dwe pèdi prèske menm kantite oswa pi piti ke kantite san li abitye bay lè li gen règ li chak mwa. Li ta dwe sispann bay san apre de (2) oswa twa (3) semèn. Chak jou matris li ta dwe kòmanse vin pi di e pi piti.


MOVE SIY

- Matris la mou epi li laj.
- Manman an pèdi anpil san.
- Manman an gen lòt kalite move siy

(fyèv, tansyon, chòk oswa elatriye)


Matris manman an

Si matris la rete tou mou, fwote l jiskaske l vin fèm (wè paj 224). Moutre fanmi fanm nan kouman pou yo fwote matris la lè w pa la. Mande manman an pou l bay pitit la tete pi souvan, epi gade si l pap pèdi twòp san. Epi, touche matris la pou asire w ke li kòmanse desann nan gwochè nòmral li. Touswit apre akouchman an, matris la rive nan mwaye chemen ant zo ki anwo bouboun nan ak lonbrit manman an. Jou apre a, li moute nan menm wotè ak lonbrit la, epi li dwe ratresi chak jou apre sa.



Manman an ap bay san

Si manman an bay san ki ka mouye plis ke yon kotèks nan inèd tan, sètènman l ap bay twòp san. Fwote matris la pou l ka ratresi. Fè fanmi an chonje ke manman an bezwen repoze. Anpil fwa, travay twòp ka fè manman an bay anpil san apre akouchman.



Si metòd sa yo pa mache, ba l medikaman ki pou fè san an rete (wè paj 231). Si l kontinye ap bay san, oswa si manman an gen lòt move siy (fyèv, tansyon, chòk), chache asistans medikal touswit.

Swiv pou wè si manman an bay siy enfeksyon nan matris

BON SIY

Yon fanm ki an bòn sante rete ak yon tanperati ki anviwon 37°C (98.6°F).

MOVE SIY

- Lafyè, tanperati 38°C (100.4°F), oswa pi cho
- Frison
- Poul li bat vit
- L'ap pèdi anpil san
- Pati jenital li ap bay san epi li gen move sant
- Doulè vant
- Kò kraze



Si yon fanm gen nenpòt nan siy sa yo apre akouchman, li ka gen enfeksyon nan matris. Enfeksyon nan matris se gwo danje – sa ka touye yon fanm byen fasil.

Si se posib, fanm ki gen enfeksyon nan matris dwe ale nan yon sant sante san pèdi tan. Yo ka egzaminen l pou wè ki kalite (remèd) antibyotik ki ka geri enfeksyon an. Si w pa ka jwenn asistans medikal, fè tretman lakay pou fanm nan.

Bay antibyotik lakay

Ou pap ka konnen pou sèten ki kalite mikwòb ki bay enfeksyon an; se pou tèt sa w dwe ba li twa (3) antibyotik ki pou touye plizyè kalite mikwòb. Si w pa gen tou le twa (3) antibyotik sa yo, pito w ba l youn (1) oswa de (2) olye pou w pa ta bay anyen ditou.

Kontinye ba li antibyotik jiskaske de (2) jou pase san w pa wè siy enfeksyon an. Sa ka pran anviwon senk (5) jou antou.

Pou w ka fè tretman enfeksyon nan matris



- ba li 80 mg piki djentamisin nan mis, 3 fwa pa jou pandan anviwon 5 jou

epi

- ba li 2 g Anpasilinnan bouc oswa nan mis pou premye doz la en plis ba li 1g anpasilin 4 fwa pa jou pandan anviwon 5 jou

Bay tout medikaman sa yo jiskaske 2 jou apre lafyev la tonbe sou fan nan.

epi

- ba li amoxisilin 500mgnan bouch, 3 fwa pa jou pandan 7 jou.



ATANSYON : Si Fanm nan pa koumanse santi ke li fe miyo nan youn (1) oswa de (2) jou, li ka rete kek moso plasanta nan matris li toujou. Li nesèsè pou moso plasanta sa yo soti. Kontinye bay fanm nan antibyotik epi mennen li lopital.

Gade wè si manman an fè enfeksyon nan vajen


BON SIY

Tout blese nan vajen an kòmanse geri; po vajen an pa ni anfle ni cho

MOVE SIY

- Doulè nan vajen
- Vajen a ap bay pi oswa li gen move zodè
- Vajen an anfle, li tou wouj oswa li gen yon boul di

Enfeksyon nan vajen pa grav menm jan ak enfeksyon nan matris. Lave men w byen, mete gan nan men w, epi gade andedan vajen fanm nan. Si w wè nenpòt nan move siy nou sòt site la a, li pwobab pou se yon enfeksyon. Si w wè pi, w dwe chache wè si pi a pap soti byen fon andedan vajen an. Si se sa, li pwobab ke li fè enfeksyon. Si pi a ap soti nan yon boul di oswa nan yon blese ki andedan vajen an, chache asistans medikal, oswa swiv metòd nou pral ba w la a pou w ka netwaye l pou kont w.





Pou w netwaye pi a

Nòmalmman yon twal ki mouye epi ki cho ka ede netwaye pi a byen paske lie de rale pi a deyo.

Si blese a tou louvri

Mouye yon twal esterilize nan dlo cho epi kenbe twal la sou kote ki enfekte a. Si w konnen remèd fèy ki ka seche pi, mare yo nan yon twal ki esterilize oswa nan yon twal gaz, epi mare twal la yon jan pou fèy la pa tonbe. Bouyi remèd la tou mare; kite l frèt pou yon ti moman, apre sa peze l sou kote ki enfekte a.



Si w santi gen yon boul di ki rete anba po a

Si w santi yon boul di, w mèt konnen gen pi oswa san ki rete andedan toujou. Tcheke boul la chak jou. Si l toujou fè mal epi li kontinye ap grandi, chache jwenn asistans medikal.

Gade wè si gen lòt move siy

Janm manman an tou wouj, yo rèd, yo ap fè mal epi yo anfle

WARNING SIGNS

Li ra anpil pou fanm nan gen san kaye nan janm li apre akouchman. Men siy ki moutre ke san an kaye

- anflamasyon osinon chalè nan yon janm oswa nan yon pye.
- doule nan yon janm lè yo peze l oswa pandan le fanm nan ap mache.
- yon janm ki gen yon kote ki tou wouj.
- yon janm ki gen yon boul di.



A clot can move to a woman's lung and make breathing impossible.

San kaye se bagay ki danjere. Si san kaye a pete epi li melanje ak bon san manman an, sa ka lakòz lòt pwoblèm lòt kote nan kò l. Pa egzanp, san kaye ya ka ale nan poumon l epi li vin enposib pou li pran souf.

Si yon fanm bay siy ki di li gen san kaye, chache jwenn asistans medikal san pèdi tan.

Pandan w sou wout lopital la, fè fanm nan kouche ak janm li pi wo ranch lie pi fo ke li toujou rete an plas. Mete twal cho sou kote ki anfle a, men piga w fwote l ni piga w mase l. Ba li aspirin pou doule.



Pipi oswa poupou ap soti nan kontwòl

Lè fanm nan gen poupou kap soti san kontwòl oswa pipi kap degoute san rete, li ka gen yon twou nan po vaje l; yo rele sa fistila. Se tèt tibebe a ki fè twou sa a. Pandan tranche a tèt be be peze byen fò sou po ki ant vaje an ak blad pipi a; oswa po ki ant vaje an ak two dèyè a. Vyann ki nan plas sa a vin angoudi ak fèb epi l vin tounen yon twou apre 3 pou rive 12 jou apre akouchman an.

Fistila se yon bagay ki ka trete nomalman. Yon fistila ki tou piti ka geri pou kont li: fanm nan dwe bwè anpil likid epi li dwe chita lè l'ap benyen nan ti dlo tyed (wè paj 326). Si li sèvi ak tib katetè pandan 3 semèn, sa ap pèmèt pipi pa rete nan fistila a pou l ka gen tan geri. Si fistila a byen gwo, yo dwe repare l. Gen lopital ki ka fè operasyon sa – òdinèman 3 mwa apre akouchman a. Ede fanm nan ale nan yon sant sante kote yo ka ede l.

Fistila se bagay ki ka evite

Fistila rive lè yon fanm fè yon bann tan ak tranche. Si sa fè lontan depi yon fanm ak tranche, pa rete ap tann. Chache asistans medikal. Wè paj 22 pou w ka aprann kouman moun ka evite gen fistila.



Fistula causes leaking urine.

Bay sipò emosyonèl

Li enpòtan pou bay manman an sipò emosyonèl. Koutim ak seremoni ki pou onore manman an oswa pou selebre akouchman se bon jan fason pou moutre ke manman an te fè yon bon travay pandan tranche a.

Sa ki dwe fèt si kè manman an pa kontan oswa si li tris (deprime)

Anpil fanm gen gwo emosyon apre yo fin akouche. Se yon bagay ki nòmal. Gen ladan yo ki tris oswa ki santi tèt yo chaje pou plizyè jou, plizyè semèn, oswa plizyè mwa. Lè sa rive, w ka ede manman an si w koute ki kalite emosyon li genyen epi fè l konnen ke emosyon yo se bagay nòmal. Lè emosyon tris sa yo vin grav anpil, yo rele sa depresyon. Lè sa a, li ka vin difisil pou fanm nan pran swen tèt li oswa pou l pran swen tibebe a. Li ka menm aji tankou moun fou. Yon fanm ki fè depresyon (deprime) bezwen èd. Li bezwen èd pou l pran swen kay li ak fanmi l, epi li bezwen èd pou fè tristès la pase. Si sa posib, yon moun ta dwe rete ak fanm nan pou ede l epi pou asire ke fanm nan pa fè tèt li mal ni pou l pa fè tibebe a move bagay.



Anplis de sa, gen kèk bagay ak remèd tradisyonèl, menm jan ak kèk remèd famasi, ki ka ede fanm nan fè mye. Remèd nan famasi yo chèn anpil epi yo ka bay lòt kalite pwoblèm, se pou tèt sa yo dwe pran yo sèlman nan ka ki grav. Si yon fanm te santi l konsa nan akouchman anvan an, gen plis chans pou l gen menm pwoblèm nan apre akouchman sa a.

Sa ki dwe fèt pou tibebe a

Ankouraje tibebe a pran tete epi swiv pou wè kouman l'ap grandi

Tibebe a dwe tete chak de twa zèd tan, apati de kèk èd tan apre l fin fèt.

Yon tibebe ki tete ase epi ki an bòn sante ta dwe fè pipi ak tata san pwoblèm,

li pa ta dwe bay siy dezidratasyon, epi la ta dwe gwosi. Kenbe bebe a sech ak cho epi jwe ak li



Tibebe a gen siy dezidratasyon


Si tibebe a pa pran tete byen, si li gen dyare oswa l'ap vomi, oswa si li gen lafyèb, li ka vin dezidrate. Tibebe a fè dezidratasyon lè li pa gen ase dlo nan kò l. Se yon bagay ki danje, epi sa ka menm touye tibebe a.

Siy dezidratasyon:

- Kèk kote nan tèt bebe a fon
- twou je l fon
- bouch li sèch epi po bouch li fann
- li pipi mwens ke 4 fwa pa jou
- pipi l gen koulè nwa
- poul li ak souf li ap bat vit
- po l plise plise



Pou w ka tcheke plise ki nan kò l yo, penchen po ponyèt pa w epi lage l. Gade byen pou wè kouman po a retounen nan plas li. Kounye a, penchen po tibebe a nan vant epi lage l. Si po tibebe a retounen nan plas li pi dousman ke po pa w, konnen li dezidrate.




Pou ede yon tibebe ki dezidrate

Ankouraje manman an bay pitit la tete souvan – chak youn (1) a de (2) zèd tan. Epi, bay tibebe a likid reidratasyon oswa sewòm oral (wè paj 160) – ba li kèk gout chak minit jiskaske tibebe a fè mye.

Enfeksyon ka lakòz dezidratasyon (wè paj 277). Si tibebe a pa fè mye apre 4èd tan, chache jwenn asistans medikal.

Manje nan bibwon lakòz dezidratasyon

Bay tibebe manje nan bibwon se yon bagay ki lakòz tibebe a fè maladi dezidratasyon. Si sa posib, manman an dwe bay tibebe a tete. Si manman an paka bay tete, fanmi an dwe sèvi ak dlo pwòp ak kantite manje anpoud ki byen mezire. Bibwon ak tèt tetin yo dwe bouyi byen pwòp. Wè paj 281 pou w ka li plis enfòmasyon sou zafè manje anpoud pou tibebe.



Tibebe a pa gwosi oswa li pa grandi nan fason nòmral

Li nòmral pou tibebe a kase (pèdi pwa) pou de twa jou apre li fenk fèt. Men li dwe reprann tout gwosè li te fèt la nan de semèn epi pou li kontinye gwosi nèt ale.

Si yon tibebe pa gwosi oswa li pa grandi ase petèt se paske li pa tete ase. Petèt li ka gen enfeksyon, dyare, oswa kèk lòt maladi. Swiv pou wè chak ki lè tibebe a pran tete. Manman an mèt bay pitit la tete chak lè li vle – omwen chak de twa zèd tan pandan 20 minit, jiskaske tete a vid. Si tibebe a pa chache tete souvan, petèt li malad. Mennen l nan yon sant sante san pèdi tan.

Kontwole sante manman an. Si manman an malad oswa si li pa manje ase bon kalite manje ak bwè bon jan likid, li ka pa gen ase lèt pou bay pitit la. Ankouraje fanmi an pou yo pran swen manman an byen epi pou yo ba l plis manje.

Wè chapit 16, paj 280, pou w aprann plis bagay sou bay tete. Si tibebe a paka grandi, chache jwenn asistans medikal.

Tibebe ap “voye” gwo vomisman

Pi fò tibebe krache manje deyò (ti vomisman). Nòmralman, ti vomisman sa yo glise desann soti nan bouch tibebe a, espesyalman apre li fin manje.

Si vomisman an ap soti nan bouch tibebe a ak gwo fòs chak tan l manje, petèt li fè yon enfeksyon oswa gen yon bagay ki anpeche lèt sikile andedan l. Chache jwenn asistans medikal.



Ankouraje Vaksinasyon

Vaksin pwoteje timoun kont anpil maladi danjere. Vaksin ki pi enpotan pou ti bebe se DPT (dipteria, pertussis, tetanòs), polio, epatit B, Hib (pou Haemophilus influenza (grip), PCV (nemoni), RV (Rotavirus) ak BCG (pou tibekiloz). Chak peyi gen orè pa li pou bay vaksin sa yo epi pi souvan yo kon gratis. Yo kon koumanse bay ti bebe vaksen le yo gen 2 mwa. Ankouraje manman an ti mennen bebe a nan sant medical



Si Manman an fe VIH oswa SIDA


Le w bay medikaman pou trete VIH oswa SIDA ou ede pwoteje bebe a pou li pa vin infekte ak VIH si manman li fe VIH tou. Fo ke bebe a koumanse pran medikaman sa yo pandan 3 premye jou apre li fet. Gade paj 494 pou plis infomasyon. Le bebe a gen 6 semen oswa 1 mwa et demi, fo ke li pran on medikaman ki rele cotrimoxazole pou prevni enfeksyon. Gade paj 478.

Pran swen kòd lonbrit

Pou w ka anpeche rasin kòd lonbrit la pran enfeksyon, li dwe toujou rete pwòp ak byen sèch. Montre fanmi an kouman pou yo pran swen lonbrit.

- Toujou lave men w byen pwòp anvan w manyen lonbrit la
- Si lonbrit la pran kras oswa li gen kras san sèch ladan l, netwaye l avèk alkòl famasi, oswa avèk gwo alkòl fò oswa avèk vyolè de jantyan ("violet de gentiane") W ka menm sèvi avèk dlo ak savon, men se pou manyen lonbrit la byen dousman.
- Pa mete okenn lòt bagay sou lonbrit la – salte ak fimye se bagay ki pi danjere toujou.

Si gen anpil mouch kote w rete a, w mèt kouvri rasin lonbrit la ak twal pwòp. Men leplisouvan w dwe kite l san kouvri. Leplisouvan kòd lonbrit la ap tonbe ant 5 a 7 jou apre akouchman an. Ka gen kèk gout san oswa glè tou mou ki soti lè lonbrit la tonbe. Se yon bagay ki nòmal. Men si l ap bay anpil san oswa pi, chache wè doktè.



If you clean the cord, be gentle.

Chache wè si gen siy enfeksyon

MOVE SIY

- Tibebe a sanble li fèb oswa fatige, oswa li sispann pran tete.
- Tibebe a gen dyare
- Kò tibebe a pa ka rete cho, menm lè li double nan lèn.
- Tibebe a gen yon lafyèv pi wo pase 38°C (100.4°F).
- Kè tibebe a ap bat byen fèb, byen vit.
- Tibebe a gen difikilte pou li pran souf oswa li pran plis ke 60 souf chak minit
- Tibebe a sanble li malad

Enfeksyon nan kòd lonbrit

Leplisouvan lè tibebe gen enfeksyon se mikwòb ki antre nan kòd lonbrit la ki lakòz sa. Lè lonbrit la enfekte, zòn ki sou kote lonbrit la vin tou wouj, li gen tras pi, li cho, oswa li gen move sant. Si siy yo pa grav, koumanse netwaye kòd la ak vyolè de jantyan 2 fwa pa jou. Si ke siy yo pa amelyore oswa yo vin pi mal apre youn (1) oswa de (2) jou, bay medikaman ki ekri nan page 279 oswa chèche èd medikal.



Tetanòs

Si kòd lonbrit la te koupe avèk yon bagay ki pat esterilize, oswa si yon moun te mete salte oubyen fimye sou rasin lonbrit la, pitit la ka pran tetanòs.

Menm lè yo jwenn bon jan swen ak bon jan medikaman, pi fò tibebe ki fè tetanòs ap mouri.



Pou prevni tetanòs, fann ansent dwe pran vaksen (wè paj 102), epi kòd lonbrit la dwe rete pwòp. Yon tibebe ki gen tetanòs gen kò rèd, ak tèt li kase sou deyè, epi l'ap gen refleks ki rapid (ak fòs). Tcheke refleks tibebe a pou wè si li gen siy tetanòs:

Kite janm li pandye pou kont li epi tape kote ki tou pre anba zo jenou li ak jwenti ponyèt w oswa ak dwèt w.



Si janm nan ap bat tou piti, se yon reyaksyon ki nòmal.



Si janm nan ap bat anpil, tibebe a ka gen tetanòs.



Si w wè siy tetanòs, chache jwenn asistans medikal san pèdi tan.

Si l'ap pran plis ke 2 zèd tan pou rive lopital oswa nan sant sante

- Ba li 100,000 inite piki benzilpenisilin sou deyò mis kwis tibebe a, yon (1) sèl fwa.



Nemoni (enfeksyon nan poumon)




Tibebe a ka fè enfeksyon nan poumon tou (Nemoni). Sa rive pi souvan si manman an te kase lezo plis ke 24 èd tan anvan pitit la fèt, oswa si manman an te gen lafyèv pandan tranche a.

Men siy ki moutre si tibebe a fè enfeksyon nan poumon: respirasyon rapid (plis ke 60 souf pa minit), plenn lè l'ap respire, oswa po kò l fè yon fon nan mitan zo kòt li lè l'ap respire. Chache jwenn asistans medikal, sitou si tibebe a te fèt twò piti oswa si li te fèt anvan lè. Pandan w sou wout la, ba li antibyotik.

Menenjit (enfeksyon nan sèvo)

Li pa fasil pou yon tibebe fè enfeksyon nan sèvo (menenjit). Yon tibebe ki fè enfeksyon nan sèvo gen kou l tou rèd epi li kouche ak tèt li kase sou deyè. Li ka vomi, kote ki mou nan tèt li a anfle, epi li ka dekompoze. Yon tibebe ki gen enfeksyon nan sèvo ka mouri byen fasil. Mennen tibebe a lopital san pèdi tan. Si w gen antibyotik, ba li remèd sa yo pandan w sou wout lopital la. Wè paj 279





Medikaman pou tibebe ke fè enfeksyon

Pou nemoni, menenjit, ak lòt kalite enfeksyon nan san oswa lot kote

- Bay yon piki Anpilsilin.....sou deyò mis kwis tibebe a,
2 fwa pa jou pou on bebe ki gen 6
jou depi li fet oswa 3 fwa pa jou pou on bebe ki gen 7 jou ou plis depi li fet

Pou on ti bebe ki peze 2 kilo oswa pi piti,ba li on piki 80mg

Pou on ti bebe ki peze 3 kilo.....ba li on piki 150mg

Pou on ti bebe ki peze 4 kilo oswa pi gwo... ba li on piki 200mg

Epi

- Ba li piki djentamisinsou deyò mis kwis tibebe a,
1 fwa pa jou

pou tibebe ki peze 2 kilo oswa pi piti: ba li yon piki 8 mg

pou tibebe ki peze 3 kilo: ba li yon piki 12 mg

pou tibebe ki peze 4 kilo oswa plis: ba li yon piki 16 mg

Gade koulè po ak koulè je tibebe a

Po ak je anpil tibebe pran koulè jòn kèk jou apre yo fin fèt. Yo rele sa lajonis. Sa ki lakòz lajonis se yon sibstans jòn ki rele biliribin ki develope nan kò tibebe a. Nòmalman, kò yon tibebe ki fenk fèt elimine biliribin nan kèk jou, epi koulè jòn nan disparèt.

Sa ra ke on pa rive souvan pou yon tibebe ka fè lajonis ki grav, se yon bagay ki danjere anpil. Men siy ki moutre ke lajonis la grav:

- Koulè jòn nan koumanse parèt sou premye jou tibebe a fèt la.
- Koulè jòn nan dire plis ke 2 semèn.
- Koulè jòn nan parèt nan men ak nan pye tibebe a.
- Tibebe a toujou ap dòmi epi li pa leve pou li pran tete.
- Kò tibebe a paka rete cho.

Si tibebe a bay nenpòt nan siy sa yo, chache jwenn asistans medikal pou li imedyatman san pèdi tan.

Sinon, ede tibebe a pran tete souvan, epi fè yon ti mete l nan solèy.

Solèy la ap ede kò li elimine biliribin nan. Si lè a cho, retire rad tibebe a,

kouvri je l, epi mete l nan solèy la youn (1) oswa de (2) fwa pa jou pou 5 minit.

(Si w kite l twò lontan, solèy la ap boule po l).



Mete tibebe a ki jon nan solèy pou kèlke minit chak jou.